

Depistaj Jenetik Bebe ki Fenk Fèt pou Sante Piblik Kisa ou Dwe Konnen Anvan Bebe W Rive



Lalwa nan nivo eta a egzije chak bebe ki fèt nan Indiana sibi depistaj pou bebe ki fenk fèt. Bebe ki fèt twoub kapab sanble e aji tankou tibebe ki an sante men yo ka petèt fè kondisyon medikal ki te ka lakòz maladi grav, reta devlopman, oswa menm lanmò.

Depistaj pou bebe se yon seri twa depistaj ki idantifye plis pase 30 kalite twoub. Twa depistaj yo fèt nan enstalasyon akouchman an 24-48 èdtan apre w akouche. Ou ka aprann plis bagay sou twa depistaj yo anba a epi skane kòb QR la pou plis enfòmasyon!

Depistaj Tach San Sèch (*Dried Blood Spot*) (DBS)

Yon depistaj tach san sèch (*dried blood spot*) (DBS) se yon tès san ki rapid ak senp ki fèt lè yo pike bebe w nan talon pye li. Yo kolekte ti tach san apre akouchman nan pike talon pye bebe a epi mete san an sou yon papyè filtre espesyal. Yo voye san sa a, ki rele tach san, nan laboratwa depistaj bebe ki fenk fèt kote yo tou teste li pou plis pase 30 kondisyon jenetik ki ra, men ki ka menase lavi. Founisè swen sante pitit ou pral ba w rezilta yo lè yo disponib. Nòmalman se pandan premye konsiltasyon byennèt li.



Depistaj Kadyopati Konjenital Kritik (*Critical Congenital Heart Disease*) (CCHD)

Depistaj kadyopati konjenital kritik (*critical congenital heart disease*) (CCHD) se yon tès rapid, ki pa fè mal epi ki dou ki fèt atravè oksimetri batman kè pou mezire konbyen oksijèn yon bebe genyen nan san li ak sante kè ak poumon bebe a. CCHD se yon tèm laj ki refere ak plizye diferan defo kadyak; yo kapab detekte sèt kalite CCHD diferan avèk depistaj oksimetri batman kè. Chak nan defo kadyak sa yo mande trètman, ki souvan enplike chirijiri, pou korije yo yon ti tan apre bebe a fèt. Si yon bebe fè CCHD e li pa jwenn trètman rapidman apre li fèt, lè sa bebe a gen plis chans pou li devlope rezilta sante grav, menm lanmò.

Depistaj Odisyon

Yo dwe fè depistaj pou odision bebe w anvan yo lage li lopital oubyen anvan li gen laj youn mwa. Depistaj odision sa a pral è si bebe w tandè kòm nòmal oubyen si yo dwe fè plis tès. Li rapid, fasil, epi li kapab fèt pandan bebe w ap dòmi. Pèt odision kapab retade kòman bebe w aprann pale e sèvi ak langaj. Nan Indiana, gen yon bebe ki fèt avèk pèt odision anviwon chak de jou. Si bebe w fè pèt odision, genyen sèvis ak resous ki disponib pou ede pitit ou ak fanmi w. Gen etid ki fèt ki demontre ke bebe yo idantifye ki fè pèt odision anvan yo gen laj 3 mwa epi jwenn èd anvan yo gen laj 6 mwa kapab aprann epi itilize langaj menm jan ak lòt timoun.

Enpòtans nan Chwazi yon Pedyat

Chwazi yon doktè anvan bebe w fèt kapab fè w evite anpil estrès epi asire ti pitit ou a jwenn pi bon swen an depi kòmansman vi li. Asire enstalasyon akouchman w oubyen founisè akouchman w genyen non doktè bebe w ak kowòdone li. Yo pral pataje rezilta depistaj bebe w avèk doktè bebe w. Si bebe w bezwen fè plis tès, doktè bebe w pral kontakte w pou pale w de pwochen etap yo.

Ou vle plis enfòmasyon?

Kontakte nou!

NewbornScreening@health.in.gov

Pwogram Depistaj Bebe ki Fenk Fèt ak Jenomik
Ministè Sante Indiana
www.NBS.in.gov
telefòn: 888-815-0006

Pwogram Deteksyon ak Entèvansyon Odision Prekos
Ministè Sante Indiana
www.Hearing.in.gov
telefòn: 317-232-0972

Enpak Depistaj Bebe ki Fenk Fèt



Depistaj Tach San Sèch (*Dried Blood Spot*) (DBS)



Skane isit pou fè konesans ak Alison ak pitit gason li a, Grant, ki te fè dyagnostik *Maladi Pompe* gras a depistaj tach san sèch. Aprann kòman Deteksyon prekos atravè depistaj pou bebe ki fenk fèt te fè yon diferans nan lavi Grant ak poukisa tès sa a enpòtan.

<https://www.youtube.com/watch?v=fFZpIAmjCSE>

Depistaj Kadyopati Konjenital Kritik (*Critical Congenital Heart Disease*) (CCHD)

Skane isit pou aprann plis sou Jennifer ak pitit fi li, Madison, ki fè dyagnostik de malfòmasyon konjenital – *stenoz poumon* ak *kominikasyon entèwodikilè* – ki te idantifye gras a depistaj CCHD. Aprann plis bagay sou depistaj CCHD ak kòman li te jwe yon wòl manje nan pakou Madison.

<https://www.in.gov/health/gnbs/information-for-families/family-stories/>



Depistaj Odisyon



Skane isit pou tande istwa de fanmi ki gen bebe yo ki fenk fèt ki pa te reyisi depistaj odisyon an. Aprann plis bagay sou enpòtans nan konnen rezilta depistaj odisyon an ak kòman bebe yo kapab resevwa pi bon swen an. <https://vimeo.com/542185866>

Resous pou Depistaj pou Bebe ki Fenk Fèt

Ou vle plis enfòmasyon? Kontakte nou nan

NewbornScreening@health.in.gov oubyen 888-815-0006 epi

skane isit pou plis resous pou depistaj pou bebe ki fenk fèt!

<https://www.in.gov/health/gnbs/information-for-families/>



Division of
**Maternal &
Child Health**